

Pembantoe sareng  
agen:  
Priangan koe  
Bestuur Pasoendan  
Bogor.  
  
di Tjandioer  
Bestuur Pasoendan  
Tjandioer.  
  
Priangan tengah  
H. B. Pasoendan  
Bandoeng.

# SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Dituluk di Soekpoera drukkerij Tasikmalaja.

Redakteur:  
SOETISNA SENDJAJA  
ATM WINATA  
Redakteur di Batawi  
SOERIADIRADJA.

KARANGAN adresna ka REDACTIE Heerenstraat 31. POSTWISSEL sareng serat noe  
sanes deui ka ADMINISTRATIE Stationsweg 33 Tasikmalaja.

LANGGANAN. 3 sasih . . . f 4,50 Dibajar ti paoen. Salambar 15 sen.

Pangas ADVERTENTIE:  
1/2 katja f 2,50 }  
1/2 " f 1,50 } Sakali moeat  
Langganan langkoeng mirah.

## Wartoe ti Administratie.

Minggoe ieu mksakéun maueh Adm. Sip. ngintoenan postwissel-formulier ka djr.-djr. langganan, koe mangi artos langganan katjida kondor dongkajna. Pamegi sadaja langganan ti ngawitan ping 1 Mei '27 mah kersa ngalosenan toenggak artos langganan Sip. Dina ngintoenan postwissel moegi disertueun sing tetela djenengan, nomer langganan noe aja dina adres hand Sip. sareung bajaran kwartaal mana, soepados selah nje-saheun teung ka Adm. 'Sip, mangi djenengan teh seueur noe sami. Billih bae aja djoeragan noe nampi postwissel-formulier, nanging artos langganan parantos majar sadaja sae eta postwissel-formulier disimpen bae sareng dianggo dina perloena.

## H. I. S. Pasoendan Tasikmalaja.

Dina ping 28 Februari ping 1 saeng 2 Maart 1927 H. I. S. Pasoendan Tasikmalaja parantos diinspektie koe Inspekteur Holl. Iul. Onderwijs. Inspectie-rapportni parantos katampi sareng katjida matak dijadi bingahua koe noe dijati Bestuur sakola, wireh eta inspectie rapport sae. Hatoer noebon kana djasa kaphia sakola noe ajeuna Toean J. L. Amerika, sareng sadja goeroe geure H. I. S. "Pasoendan". Nja kitoe deui koe Toean M. P. L. G. Hanseu K-pala H. I. S. Pasoendan noe parantos moendoet lireh, oendjoek noehoen.

Noemoetkeun Bisloet Toean Direktoer Onderwijs en Eeredienst ping 28 Maart 1927 No. B. 7/1/25 H. I. S. "Pasoendan" Tasikmalaja parantos dianggap sami (gelijkgesteld) sareng H. I. S. Goepreunen sareng kapala H. I. S. Pasoendan kenging masihan keterangan sapertos noe kaoengel dina artikel 13 alinea 1 tina Reglement sakola Gooperem (voortgezet sareng uitgebreid lager onderwijs) noemoetkeun Gouvernements besluit ping 15 Juni 1914 No. 21 Staatsblad No 447 dirobah koe Gouv. besl. ping 20 Mei 1921 No. 68 Staatsblad No. 332.

Sepoh-sepoh noe bade ngelebet-kenn moerangkalibna ka H. I. S. "Pasoendan", sae tjardak bae moerangkalibna ka sakola di Kebon Tiwoe taboeh 9 endjung eudjing.

Bestuur Sakola H. I. S. Pasoendan.

## IDELE R.

Tjek saoediring, De Courant' bjeuna Kangdjeng Besar keur soerat sinoerat djeung pamireutah agong di pagi, ngabarempoegkeun oeros-oerosan n-mtahan louna Raad van Indië koe doea verang priboeperi.

Di dinja katjatur ogé jen noe snoerang ti noe doean ter, noe baris dibenuem teh uja eta Djrg Koesomo-joedo, radjana P. E. B. di kolong langit oerang priboeperi.

Ari saoerungeun mah poegoeb bae sri kana saliraua koe andjeun mah ngiring tingab, andjeunna bakal djadi Ideler anue radjihna mang réwoe-rewoe eulen! beuki terah beungkar! ngen deka . . . aja hartina atawa heuteun pikeun belangen oerang pri-

boeh? Nah, dijadi ngahadeun kana oerbes-oerosan paparentahan atawa moai?

Roepa-roepana ogé oekoe "dliga" diomean, meroot kana djerit Jerang priboeomi kotjeakna para samah. Ngau saekeur dipake ngoepahan boedak tjeunik teh, dliga saenjaua.

Ari sababu, kieu geura. Ajeuna ogé kapan eta college teh parautos dielidan koe limaan katoet presidenna, sanes! Saha eta noe limaan teh? Tangtoe sadajana ogé aroneunga, Jen pitoeun bibit nagri, pamelaran tanah Nederland, amoe tangtoe pisan moenggoe di, nerang ogé meureun kitoe, moai tua nganomorsatoeun kaper-loean bangsana djéung tanahna, saungkan salamet salaiwasna.

Ari jikeun oerang priboeomi, tangtoe sri dimaranahana mah, tapi koeman-gamanhanan, taugtoe moai bisa saplogajon djeung kaper-loean arand-euna. Tangtoe ugán saekeur salamet djeung tjegeur bae. Taja petana bisa sak-emaha noe ditjita tjipta, dilamoon-lamoen, tjara koe noe ngabogaan badan sorangan. Sabab lamoen teu hardja tanahna, salamet djelemaha mah atoeh ti manérek ngabasilku-nana, da pangasila djeung kaoen-ungan teh tara daratangau koe maneh, taugtoe koedoe karana aja noe ngolokkena.

Di ajana bangsa noe buntengwoon-

buitengwoon, tjara actiena Studieclub

te, ti-jemponaatapi njetaets atoeh, koe-

maha ujempenanana. Geuning tjeuk

Het Vaderland oge: De auvaarding

van Soetomo's benoeming tot Volks

raadslid is'n overwinning voor den

huidigen G.!! Tsh tjoba sakitoe

daripolmaatau teh. Tjek sabagian

bangsa oerang boga rasa meunang

actiena Soerabaja, atoeh tjeuk oerang

ditoé meunang deui. Tapi koemaha

ti diero-djeroanana? Satali tiga oeang,

satalen djéong tiloo haroe. Ieu oge

ngat oekoer dliga. (Ehh deudeuh, koe

koelak tjanggeum baglia awak, sanesik

samalik teh, ngan pinoch koe pang

pook-ngepoek, pang-jor-g-ngejeng bae).

Tapi teu . . . oelah poetoes poetoes

beuk-beuk, pangarepan, teu ajeuna

soegan djaga atueh, teu djaga bae

atueh . . . abong, tjek oerang teh.

O-pama nilik kana actiena djeung

hadj-hna P. E. B. ti semet ajeuna ka

toekang, ka hareup ogé moai boa . . .

kitoe, deus poegoeb angger-

anggeranana, dijadi nambahna Ideler

koe djr. Koesomo-joedo teh geus

teu naen naon pikeun tanah Indonesia

mah, teu matah ngointoengkeun, pa-

ling milik ngan tiba angger, noeroes-

toendjoengua mah beuki ngawaloerat-

keun. sabab hartina teh ngan oekoer

nambahan setem ka sbeulah ti ditoe.

Leuwih hadena ti eta, saekeur dijadi

adpisser, panarosan adat istiadatna

djeung pamakena bangsa Indonesia.

Anoe tangtoe tea, andjeunna moai

oeningeun pisan ti sakabéh bangsa-

bangsa noe aja di dieu.

Djadi ana dipikir-pikir koe oerang,

takal ditambah-n 2 Ideler teh, lamoen

kitoe oeroes oeroesanaan mah kate-

teuri, anoe poegoeb mah nambahan

ongkos malihine. Geura sabaraha he-

ran piga-ijihuanana eta doea elidina

uenggal-oenggal tahoëu, moen ase-

rang tiloe rewos ogé dina saboëan,

geus sia toedjoeh poeloeh doea rewos-

na diua satacen, djahe wettige voor-

deeleu teu atjan kaetang.

Moenggueh oerang priboeomi anoe

asli kapriboemianaan tangtoe sedjen

pengharepanana anoe koedoe dibenuem

teh tangtoena ogé - ogarep ngarepna

teh dieusian koe djelema anoe geus

karasa, katendjo actiena, ketakna

djeung bodjahna. Tjenah oepama koe-

dje ajokot tina kapaja noe laloehoer, eta bae noe bidji dirl. Djajadiingrat (kregent Batawi), noe bidji deui djrg. Oetojo pangsoenoen tea.

Tah oepama ieu mah noe doeaaan, noe dibenoem teh, meureun nya matak oge ngalantarankeun kana kaboenga-ha, boehboehan ieu noe doeaaan gous dijadi sabiwit bidji, kotjap pangkat toekang melain rajat. Kararasana atoeh koe bangsa oetang moal haren-deg teuing tambah begrooting ugara-toes rehoe dina satopen-taenna oge. "Heueuh" tjenah meureun tjeuk erang ditoe, eta mah si priboeomi, dibere sedjeungkal hajang sadeupa, dibere noe satjentok, hajang noe sa-sikoe, bet hese dikawoeiaanana."

Poegoeb koe kitoe tea mah, da koering ogé roemass, koemaha atoeh da kitoe koedona, kitoe adilina. Geura ari soelaja tina kabajang mah moal weleh ngomei.

Koering, lamoen lapar, tjara toeancihatoeraan boterham tjetjamoeilan, ari koering . . . meal weleh ngroeboek beuteung, da bsda tina kabajang.

Da hajang teh, hajang sangoe di-koesih djeung angeun katjang diwalaangan (lahiran djrg. Warga le. mah); meureun ni'mat karasana, gahar matak ujakrak ka saloear awak. Ari toe roti mah, pinoch si pinoch, tapi teu miras, ngan engap noe aja. Tuh kitoe misilna.

Nja kitoe deui raad van Indie, ari kabajang noe doeaaan tea, noe disiboeut tadi di lohoer, ari dibere djago batoer, poegoeb bae pakia-kia, todjaiah pisan tina kabajang.

Angen-angen sakitoe ogé anoe po-

bara tescheidenna, da ari ari adilina

meueusan mah lain kitoe.

Kieu geura. Sadajana teh sanes bade didjeun 7 setem sareng Voorzitter. Tjing atoeh anoe genep mah bugi does bae lanan anoe tiloe kaom katoehoe, anoe tiloe deui kaom kentja. Keun sina saroea tanagana, tiloe pada tiloe, tjek wiwilangana, masing

nepi ka patelak (tjaratan, sanes pa-

poeket ngadoe tanaga) teu panasaran

ressep nanggap bobotohna mah. Ari

teu satarimbangan mah, minangka

noe maen bola, ti barang proeng geus

boga rasa eih, da beda tanaga, di-

mana piresepvnana atawa piogaeun

pangharepanana noe laladjo teh, soe-

monna ari noe diaoedana mah.

Da sanajan saroea oge pada tiloe-

tiloe, oerang ditoe mah teu koedoe

gimir, teu koedoe gingsir, kapan aja

noe njandak paloe, moai enja oelang-

celongan teu aja maoenatah.

Ieu mah teu koedoe diterangkeun deui, da djoeragan-djoeragan oge sanes moerangkalih.

Bet ras deui emoet, kana ontwerp-

na "Volksraad anoe didjangdjikeun ka

dr. Soetomo (Studieclub). "Heug

engke mah dirobah, rek ditambahan

elidina priboeomi dijadi 35, sarta oerang

Walanda dikoerangan dijadi 20. Daek

bae ajeuna mah nja. daek, dijadi elid!"

Njeh bae koering mah seuri koneng.

Tjek djeri pikir teh, sanajan ditam-

bahan nepi ka sareweh tjek wiwil-

ing-nana ari atoranana kieu keneh

kieu keneh mah, moai aja toengtoeng-

na, ngan zitting geld bae malioenaa,

boeahna mah atoeng keneh - atoeng-

keuh. "Pibedoelen" tjek o

Faenjana ieu perkara tergantoeing ti djelemana noe njarita. Nadjau Malajoe, engkana teh basa Malajoe, leutong Soenda, cilak Soenda, djaba Maljoena gote, noeroestoendjeng pisau. Tjara eta bao „sawareh djrg.-djrg. noe njarita bosa Walanda ka doenoengana na kapan bosa Walanda ge demokratisch sanes? koemaha boekina? Rengkoe Soenda, ana hoang teh: „Goeie morgen, Kangdieng.” „Jawel, kangdjeng.” Djaba atjong-atjongan njembah.

Soenda oge rek didemokriskeun mah, demokratis. Kari koemaha noe njarita deung . . . . . noe diadjak njarita. Tjara di Bandoeng di Tasik geuning noe dijadi Boepatiua mah teu madjar koemaha aja noe demokratisch heug, noe henteu heug. Da si noe demokratisch oge geuning kadeuleuna ari kaloeear tina koempoelan mah bissa deui bae: abdi Dalem Dampal Dalem.

Ngan in 't belang van de zaak (keur kaperloean perkarsa), leuwih hade moen aja katangloean koedoe demokratisch, ditoengtoen koe noe ti pajoen, Eliid oelai sina sorangan menta kalonggruan, tapi dibere kalonggruan. Sabab aja keneh noe ten ujaho, kana recten reudjeung plichten.

Djadi tjindekna djrg., verslaggever A. I. D. manawi kapaijen mah oelai gan-gana ngadamel conclusies, oepami teu atjan atra-atra teuing mah.

## Toeroen toemoeroenna kampakan Boepati djeung kaboepaten Raad

### Kaboepaten.

Saer noe ngintoen.

Rohaban paparentahan noe ngantjik dina kasemah moerbaan kakelonkeun, siga siguna emboengen: atawa atjan wani mitjeun adat kabiasaan noe bareto bareto, keur waktoe paparentahan kaloeear tina hidji poesur: djamman sagala koemaha noe ti pajoen.

Dimana aja lowongan Boepati, noe dibuleakeun dipodrah (voorgedragan) teh pale poetra atawa baraja baraja noe landes ti Boepati noe pangandurina eureun; ti dinja kakara dasongkeun djago djago sedjen, biasana patih patih noe momang geus teu sak deui kana bakal bisana njekel kabopatian.

Koe ajana Raad kabopatien. Ingitan koering, pikeun nimbang katjukepanuan kanidat teh. noe koedoe dinomer hidjekun teh njeket bakal bisa henteuna ngagam kaboepaten Raad tea, sabab moen teu kitoe, asa koreng arep arepan-euana kana beresua.

Oepama noe djadi poersiter koerang pangaweroha tina kaboepaten, kawas moal boa pangaroehna teh lai bae matak nganggoe kana djalarna digawa babarengan, tapi bisa djadi oge matak paketrok djeung raad.

Djadi ngoedina kanidat teh laio bae ditimbang tjoekoept henteuna ngagam pangkat Boepati model boehoen, tapi noe dihengkakeun teh: pantes henteuna djadi panoengtoen Raad kabopatien.

Oepama ieu teu diingetkeun bener bener, tjatjuk oepama pibisueun mah, meureuu noe noengtoen decentralisasi teh poersiter poersiter noe dipilihna loearuen eta golongan, tjara noe geus kadijian di burgemeester stads gemeenten.

Pikeun nambehan loejenna digawe babarengan antara Raad djeung poersiter noe baka'na dibencem perloe pisau eta Raad teh dipariksa heula, saha noe koe Raad diangap kanidat noe pangtjakepna. Noe kieu geus aja tjontona, tjara di mintrat Soekaboemi' Malang, Soerabaja dj. ij. t. e. sarta koe parentah dilampuhkeun.

Kadijana ti koetoe noe panghadena diantara noe panghade-hadena teh ti golongan B. B., noe dijadi Boepati teh koedoe noe enjaan bisa noengtoen Raad kabopatien djeung djaba ti pinter djeung loba pangaweroha teh koedoe noe geus legok tapak, genteng kader.

Pamanggih di Provinsi Pasoendan, noe geus djalan leuwih ti sataoen, assa matak ugarentet hate. Kadeuleuna loba keneh poersiter Raad kabopatien-henteuna kabeh taugtoena ogé noe katinggaleun lengkah koe djamman waktoena noe moestari pikeun uembongkeun, jen golongan B. B. pribumi teh bisa marientah (bestuurorganen) lain perhiasan paparentahan (bestuurriksmeiteh), koe arat djeunna teu digoehakeun.

## Koempoelan Raad Kabupaten.

Noeroetkeun kana maksoedna deung geunaan erad-erad nja eta tjobaan l'annertah ka bangsa oerang soepaja laoen laoen bisa ngabeujeuk ngara serangan.

Hidji pertjoeboet lain bae noe-lila-lla mah koedoe, -dipaparinkeun, tatapi koe kawas-kawas katarik koe djaman, noe diarep-arep koe sarerea pantes moen disareboot „oepatjarana Ratoe adil.”

Lantaran anjar tea, nja ti doea pihek aja kakoorangananatawa ka salahanan.

Mangkade noe dijadi geuroe salah ngadjar, noe dijadi moerid teu nem-bongkeun bisa diadjar.

Pirakoe ari beungbung onaman tjara panoeding sawareh koelit poeth, madjar ajana karibootan teh koe ajana robahan paparentahan (Bestuurs-herziening).

Noe diasongkeun koe koering ajena ka srerera, nja eta tina hal koempoelanana.

Noe geus dilakonan koempoelian teh nja ti beurang.

Saha noe ngatoer ti beurang kawas moal boa, nja noe ngadamel ranta-jang tina robahan paparentahan, da rereana koempoelan ti beurang. (Noe nangtonkeunana mah Raad-Cor).

Tjuk koering naha oerang noe dijadi rajat, bener, lamoen njaritakeun naon-naon anoe dirasa koerang meruah ajana koempoelan.

Ieu pertaanjan pantes didjarawab koe noe ngarasaakeun pait peuheurna eta robahan paparentahan tea, semawon ari koe noe boga pamanggib, jen kasaihan-kasaihan anoe ka-panggih perloe diomean oendjoekkeun-nee ka Commissie Iubahan paparen-tahan.

Pikeun nepikeun ieu pamaksoedan nia speskara „koran Sipatahoen,” di oerang mah, kedoean Pagoeboean Pasoendan. Naha dijieuun motie, nha koe H. B. lisian tae.

Naon anoe koerang nguneun pikeun verang rea?

Noe djadi lid tangtoe bisa ngara-sakenn, tapi pikeun noe henteu moal terang.

Noe kapanggih koe oerang koem-pelana, nja eta wakteuna koe tibeurgan.

Koempoelan ti beurang teh koe noe rea moal bisa dilaladjoanan, da pada boga gawa tea.

Malah pikeun noe dijadi ambtenar djadi lid R. R. teh ka Pamarentah ngaroegekeun.

Noe djadi voorzitter rata rata gadjihna f 1350 meureuu sapéna moen dibagi 80 saperti noe karoeli, f 45—.

Gouvernement teu bisa ngarah gawena

Djol deui 2-3 ledjen wadana atawa tjumat. Rata rata gadjih wadana f 360 dibagi 30, roegina Gouverne-men lantaran teu kaar-b gawena f 12 moen 3 meureuu f 36, doea tiloe tjumat?

Anne pangkat hanrap saperti Scholopziner at. geuroc, lain: bae tina perkara dooit rata rata aja f 30, tapi anoe pangpangna anoe hese disisilihanana pikeun geuroc mah nja ning-alkeun kelasna.

Oepama ngitoeng dooit bae roegina sapé noe dipake vergadering tangtoe kana f 100.—

Ditambah teu aja noe njaksi, djago anoe diparilah koe kiesman tes, lapoer teur mah da kana gawena teu bisa nongton.

Verslag soerat kabar neogen?

Ieu oge teu bisa, eukeur mah teu aja soerat kabarna di oenggal tempat katambah teu aja noe mampoeh ka oenggal erad ngrimkeun verslaggever kawana. Djadi toengtoengan laladjo sorangan teu bisa, matja soerat kahar-teu aja, nanjakeun ka sadjago djagona (elid-elidna) eukeur mah elidna sora-nagan teu bisa ngadou ngider ngaber-warateun, komo ari kiesman ujem-peurkeun mah teu katepi koe skalna lautaran anjar djeung teu kabarti.

Sok aja noe njarita, asa lain dierst koempoelan ti beurang mah.

Noe ngingetkeun babadamian, ngawangkong, boh noe peiting boh noe loemajan, ilaharua tara ti beurang.

Geura dina ugawangwang, ujar pangoepa dijwa, badami noe parenting arang langka ti beurang poekoe 9 npi ka poekoe 1 atau 2, loemrahna mah nja ti peuting.

Naon ieu pigawean isoek?

Koemaha prakna isoekan?  
Mikirna ti peuting, prakna ti beu-rang.

Tani dagang ngalamoenna mah nja ti peuting.

Prakna migawe pagawean beurat nja ti beurang.

Noe diseboet dienst teh ongkok prakna.

Komo moen ngingetkeun moenggoeh di tempat anoe hareudang mah, tjarita Ji noe rea djelema koedoe ti peutinga teb.

\* \* \*

Kararitos?  
„Keun!“ Soenda sadaja,

als éca deel van Indonesia!”

kebo moelih

pakandangan.

Beuki dieu heuki ngaleut, beuki rea noe daratang, maroelih ka: „oenda!“

M. G. K.

Timbang-Windoe 23/1.1927.

## Pleunteungeun.

Majeom di Borneo ajouna keur loba doeit ladang geutah karet, djalmalma boh pakena boh barang daharna beunang diseboetkeun, noe lam-lain, boektiua di Negara, hidji tempat onderdistrict, bawahan Afdeeling Hoeloe Soengei (Borneo) aja hidji djadaka, njaktoe bae meureun, kantongna pinoh koe doeit ladang doldokaret, bajang ginding oentjoel ti ba-toer, nenggang tinca lian, hoentoe beres teor pageuli oge diproenglak poenglakkeun diganti koe hoentoe emas, nja katendjona teh poegoch poendjoel ari seuri kawas ente.

Dina hidji peuting waktoe manehna keur hees, doeka poho doeka di-hatja, hoentoe palsoena teu dilau-an, ari lilit geus aja dina gengge-ronong kabeh djeung karet karetina; diteleg teu beunang dicetahkeun nja kitoe kenel, sapeuting eta estoe za-nagaha pikir, doekoen dikeloen paradij dikerid, npi ka beurang hoentoe palsoe teu napel bae dina geung-gerongna sarta beuheungna lila-lila dijadi bareuh.

Doekoen geus ngiroeng, paradji njengir, djampe di eta tempat geus tua noe mental. Tidinya nelepon doktor maliter ti Kandangan (alakon 28 K. M.) dipenta soepaja endjeunna kersaeun soemping ka Negara, tapi lantaran waktoe harita keur bandjir toejan kapten doktor teu iasaenun soemping ka Negara, ngen uitah bae kanoe kageleng tea soepaja toempak parsohoe ka Kandangan.

Palolohor noe disiksa koe hoentoe emas teh indit noempang dina tam-bangan, dianteur koe ahli warisna. Aja teu wodoe bae njerina teu terang tjaip, ngarasaakeun pamale hoentoe bener noe ditjaboetan tea meureun, npi ka teu dinjuranaan rek menjat deui.

Kira poskoel 11 peuting kakara bisa dutang ka Kandangan, ngen teu bisa teres ka doktor, doeka naon halanganana, toeloej bae kapamou-dokan.

Koe pitoeloeng Pangeran rek ngajait abdinna tina balai, harita noe kakeureun teh aja noe mere tja-meunang njamjean, toeloej sare, ari lilit karasa hoentoea teu geus leungtinna genggerongna.

Koe kadijadian kitoe nja rada bae lakoena toekang - toekang gigi teh, moendoer, lantaran djalma - djalina dijadi sareun, nendjo beulueung ngadak bareuh, ditijitjingan hoentoe palsoe sapeuting.

S. M.

## Makan pagi.

A: Sakaterang koering ari ELMOE teb, tjeuk basa Arab ELMOE, tjeuk Djawa PANGAWEROEH, tjeuk Soen-dai KANJAIH.

Tapi ajeuna maap, neda dipasihian katerangan. Tjotjog bae, sarong pikiran sim koering, atoch NOEHOEN, tjenah henteu bae nja NOEHOEN keneh.

B: Tjik, naou tea?

A: Eta koelan, moenggoeh oerang (djelena), bangsa naon bae, gede-leukit loehoer handap, noe diaroedang teu aja deui, sosen sosen teh, ngen njier ELMOE. Pirang pirang, roepi roepi sakolaan, loehoer handap, nja kitoe deui geurocna, njebar disantoro doe-nja, roepina.

B: Poegoeh, da oesoemna, keur ninggap palebah djamanna.

A: Tapi eta, dina KABOEKTIANANA, noe ngawedekun teh. Geura mangga galih; sapertos anoe PINTER, sol keuna koe LAPAR, koe BOETOEH, koe BINGOENG koe GERING, koe DI BOEI, koe TJEU-RIK dj. a. t. soenawonna koe AHIR-NA pisau mah, njeta PAEH tea.

Ana pek noe BODO, nja kitoe ke-neb, aja BINGOENG, aja SOESAH, nja TJEURIK, aja SEURIN; toeng-toengna PAE'I kereh. Di koeboer pada dikoeboer, koeit sakelit, toe-

lang satoleng, getih beureum pada beureum, aja napsoean aja ambekan.

B: Koemaha bedjana, sanggeus di dro koeboer?

A: Tah, doeka etab. Teu terang sruoc henteuna, separantos di djero koe oer mah. Ngan noe poegoch, TEU PADA WARANGSOEL deui, kuwas kawas teu kadoroehoengeun parnehna teh.

B: Baretshenn soegan.

A: Doeka, nja manawi.

B: Ari kitoe, naon kapanasaran teh?

A: Soemoehoen, eta bae, oepami kitoe teu kahartos, ELMOE teh atoeh naon damelina? Geura, kenging sakito hese tjape njiarma, paloehoer paaheng aheng; ari dina KABOEKTIANANA mah, soemawonna dina seuhseuhanana, geuning sami bae sareng SI BODO tea.

B: Da eta ari ELMOE mah, LA-IN paranti dina KABOEKTIAN.

A: Na paranti naon atoeh?

B: Gawena paranti NGAROEGAL RIGEL, NGAGOELAK - GILEK, NGAROETJAL-RETJOL dina sam-e-mehna BOEKTI. Tjara TJAI noe geus mangroepa ES, naon ELMOE-NA deui, soepaja DJADI ER BA-TOE?

A: Ta-ta-tah-tah, rada kahartos kaelan, kasoeran teh ari kitoe mah. Djadi oepami kitoe, KAPINERAN (ELMOE) teh, woengkoel paranti DIEUWEUHNA, meureun, nja koelan?

B: Lain MEUREUN, da enja, noe PINTER, ahli EUWECH.

A: I-iii-ih, ke-ke-ke! Ahli-euweuh???

B: Na hajang diseboet AHLI-AJA, kitoe?

A: Na ari AHLI-AJA, koemaha, deui?

B: AHLI-AJA, ajana di noe ENJA. Ari AHLI-EUWEUH di noe PINTER.

A: Djadi ana kitoe si KAPINERAN teh, NALAPOENG, meureun?

B: Ke, lanan, sing sabar atosh! NALAPOENG sotek, lamoen di manehna ten NJAMPAK doedoeg, prajoga, noe tjeuk kolot „tata-titi-soerti-ati-ati“. Nja kitoe mah, ahir air harkatna ge, di noe SAENJANA (ain poelasan), MAKALANGAN djeung AHLINA, nja eta AHLI-AJA tea.

A: Ta ta ta tah tah, na teu kajaloan deui, djadi legot kadinja?

B: Balangah palebah wessel sisim-pangan

atawa ngaran mah. sarca, ngan orokaja letah pangeus, anoe beda, nja eta oerosan dikanjawaan atawa dika. Pangarangan. Ari anoe biasa, (manoesa kasisipan), lohoer handap na ge, bounang ngindjeum ti harkat kapangkatanana tja: sabot dieng, sabot rea banda, atawa sabot dagdag waringkas, (geulis atawa bedas atawa kasep).

A: Ari eta hiri, dengki, iren, panstron, sirkik, pidik, pjeung sabateerna, tittinggal ti saha?

B: Ti kangdjeng setan. Ngan kocatna taru koest lila, moen bedas tara lana. Moen bogoh sok babari bozen, betahna sok make ditoengtoengan toegenah. Tah, eta kaoman ahli euwéuh tea. Euweuh soteli, euwéuh teresoena, euweuh langgengna, euweuh kadjedjeganana, euweuh kaberesanana, euweuh antekna. . . .

Ari Aliah, enja, nja eta noe tetep, noe lanegeng, noe awet, noe, noe. . .

Noe matak basana JANG, hartina noe. Noe awas, Noe bersih, Noe njah, Noe asih dj. s. t.

A: Naha ari titinggalna kangdjeng Setan teu aja pisan saena?

B: Aja, tapi ajana sia loemjan, salalareun saliwateun, tjeuk basa sahoeapeun sakopeun. Saleuwihna, bagean noe palandeari. Taja hakna beunang dibubawa makalangan ka noe saenjana, bidioeun langit biroe-na, da lain batoer zatoehoe (noe enja)

Dibanjolkeun: abdi mnih, batoer so teh babatoeraan baewe, batoer enja mnih, beueueu!

???

### Atoeran ngalepas heeren-dienst.

Ari eta Stbl. 1916 No. 66, keur anoe kargoengun, kari ninggalian bae dina Handleiding No. 2/BB, katja 56.

Itoeng-itoeng ngagedag bari moeloengan, rek diterangkeun saparsasal, dina lepatna diantos pangreskeunana (pangwoewohn).

Sub a. Ambtenaar dijeung besmekteh, koe oerang beunang dihartikeun sukateh pagawe Goepernemen gede leutik.

Sub b. Ieu geus diterungkeun dina besluit K. T. Resident 4 Maart 1916 No. 3294/16 tea, kieu:

1e. Anoe dianggap geroe agama teh nja eta goeroe ngadjil, anoe dipageman koe Boepati.

2e. koentien koebooran karamat dijeung pagawe kacem (masjid), nja eta anoe ditetepkeun dina eta besluit.

Sib c. Pertelahanana geus aja dina besluit keneh, nja eta:

1e. baraja pangkat ti a.d.

2e. dijelema anoe tankhna ngan toembak-toembak bae, toer malarat, sarta koe adat desa teu dikeunaan heerendienst.

3e. lid lid pamarentah desa, noe dilepas hormat sarta dinesna dina eta pagawean geus 20 taen.

4e. Committeeer loemboeng.

5e. Goeroë desa.

Oeroet committeeer loemboeng dijeung Goeroë desa, oepam e reuna kalawan hormat, toer ngalakonanana gawe sakoerang koerangna 10 taen tjenk besluit K. T. Rea. 23 November 1917 No. 18283/16, dilepas.

Sub d. Oeroet ambtenaar oge dina besluit K. T. Rea. 4 Maart 1916 No. 3294/16 tea geus diterangkeun dina besluit K. T. Rea. 23 November 1917 No. 18283/16 ditambah keterangan, dijati kieu: anoe kaasoe kana oeroet ambtenaar, nja eta lepas pagawe Goepernemen reudjeung hormat ti semet Mantri ka loehoer, noe diangkat koe K. T. Rea. atawa Panggoeng sedjen, noe dikawasakeun ngangkata.

Sub e. Oeroet beampte, anoe diilepas hormat, sarta ngalakonanana pagawe Goepernemen geus 30 taen, dijadi ana kitoe Djeroetelis Wedesa, Djaks, dj. s. t anoe pangkatna sahandapeun Mantri, oepama henteu 30 taen dinesna, sanadjan hormat, teu beunang dilepas tina heerendienst, tapi Loerah hormat, koe dinesna geus 5 taen oge geus dilepas. 1)

Sub f. Randa-randa noe ditinggalkeun hilang koe salakina, dina keur djadi ambtenaar, beampte dijeung Loerah, kitoe deui oepama salakina maot dina geus eureun dijadi ambe naar, salakina oeroet beampte hormat, noe dinesna geus 30 taen tea dijeung randa Loerah hormat, noe dinesna geus 5 taen.

Dina boga salaki deui, karandas-

nana leungit, djadi tjara dina onderstand sok ditjaboet, ieu oge beunang dikeunaan doui, heerendienst.

Sub g. Ieu hal dina Obor ti heula pokia; "Noe tampadaksa, awewe noe geus kolot dijeung noe diserahkeun koe salakina, noe kaseboet dina sub f, kitoe oge lameen malarat, eta hen-teu bener."

Noe bener pipokeunana kieu: "Sokoer anoe tumpadaksa (rerempo), noe kolot (djompo) dijeung awewe noe diserahkeun dijeung randa (noe ditinggalkeun hilang) lian ti randa, noe kaseboet dina sub f, kitoe soteh oepama malarat, beunang dilepas."

Sub h. Djelema noe tjtjing dina tanah kontrakna (onderneming) sarta boga gawe onderneeling tetep atawa matoeh. Oepaman Si Dadap boga tanah milik, tjtjing di tanah onderneeling, sarta matoeh djadi mandor, beunang dilepas.

Sub i. Pangeuse desa perdikan, di Priangan mah henteu aja.

Ajeuna beunang diringkeskeun kieu:

A. Noe djeneing: 1 sakabeh pagewe Geoperemen gode leutik.

2. Sakabeh pagawe desa, katoet committeer loemboeng dijeung bank dijeung goeroe desa.

3. pagawe masjid dijeung koentien, noe geus ditangtoekun.

4. Pagawe Gewest dijeung Gemeente Raad, noe tetep. 1)

B. noe geus eureun tina pangkat

1. tina semet Mantri kaloehoer, teu perdoeli lilaan laton gawe, asal hormat bae dijeung pansioen militir.

2. sahandapeun Mantri koedoe hormat, toer lilaan dines 30 taen.

3. Loerah koedoe hormat, toer dinesna geus 5 taen.

4. lid pamarentah desa noe hormat, toer lilaan dines geus 20 taen.

5. Committeeer loemboeng, bank desa dijeung goeroe desa noe hormat, toer dinesna geus 10 taen.

C. dijelema partikoolir

1. buraja-baraja pangkat sakoema-ha noe geus ditangtoekun.

2. noe djompo, atawa rerempo, toer miskin.

3. noe tanah saeutik pisan toer miskin.

4. pagawe matoeh di onderneming.

D. randa

1. sakabeh pagawe Gouvernement dijeung Loerah noe njekel keneh gawe.

2. pangkat Mantri ka loehoer noe geus eureun, kalawan hormat, kitoe deui pansioen militir (B 1).

3. pangkat sahandapeun Mantri, noe eureun kalawan hormat, toer di-

nes 30 taen.

4. Loerah, noe eureun kalawan hormat dijeung dines 5 taen (3 3).

5. dijelema partikoolir anoe diserahkeun oge, asal malarat, beunang dilepas.

Dina Stbl. 1916 No. 66 § 2 tea, aja ajat kadoeza, anoe pokna kieu:

Anoe geus ditetepkeun dina ajat kahidj teh, henteu ngarobah (nganggroe) kana hak, anoe geus ti bareto dipibogana koe lantaran atoe ran heereudienst heubeul, anoe ajeuna koe atoeran aujar ditjaboet.

Geuning geus galib bahela mali samemeh taen 1916, kolotna atawa mitoha Loerah dilepas tina heerendienst, eta noe kitoe beunang teroed di lepas, kitoe oge satoengteng eta Loerahaa dijoomenan keneh, ari geus eureun, atawa maot tangtoe dikeunaan heerendienst, leungit hakna diperekuun teh.

Pakeun Loerah, anoe diangkat sanggus aja eta Stbl. mitohana dijeung kolotna, atawa sanadjan mi-nantoe diangkatna behditoeun taen

### TEGELFABRIEK

**"N A J A"**

Goenoengabeculah

T A S I K M A L A J A.

Midamel roepi-roepi tegel, pa-ngaos sareng kakiatan ditang-gegel ngabingahkeun.

Oegi midamel gambar boemi (bouw teekening), pangaos ti-asa badanten).

24 Directeur.

### Bade ngitjal Koeda adoe.

Ajeuna parantes tjaket kana waktoena ngaben koeda.

Mauawi aja salah sawios dije-ragan atanapi kongsi noe bade ngersakeun ngagaleuh SI CHRISTIANA. anoe parantes kasohor.

Mangga snemping ka.

toko NIC. MULLER  
Tasikmalaja.

N. B. Sareng aja grobag (rod) paranti ngider noe pohara sse-na bade diitjal.

Sae keur noe dagang ka pa-sar-pasar tehij.

Sae sareng model sareng di lebet aja rakna paranti misah-keun barang batikan saroepi-saroepina. Roepi-roepi dagangan tissa di lebetkeun.

Pangaos doeanana kedah ba-danten heula di toko.

Hoermatna

Toko NIC. MULLER

Tasikmalaja.

Genceng ladee.

### HINDIA MADJOE.

Itoe, jaitoe karena kependai-annja pendoedoekna. Inilah maksoed kami. Akan mentjapa maksoed iti, kami me-nagadakan kesempatan hoeat siapa sadja jang membajar f 2,— seboelan, dapat bela-djar Bahasa Belanda dengan Cursus ditoelis tiap-tiap ming-goe seboeah pengadjaran.

Kirimlah f 2,— dan de-nan lekas kami moelai me-nagadjar.

Behasa Belanda f 2,— sebo-ian

Net Algemeen Onderwijs Bureau  
Naripan 90  
BANDOENG.

### Ketoe Gedong Makerej

**HALIM**

West Pasar straat 16 Bandung

16

Sajamina njajagikeun ketoe Gedong model Bandung tina roepi-roepi batikan saperon batik Tjamia Solo Banjoemas a.a.t. ngawitan pangaos f 2.25 f 2.50 f 3.— f 3.50 f 5.— sareng saterama noemoetkeun koemaha saena Gedong bae. Sajagi oge ketoe Gedong model wiron anoe nganggo diwiroe sareng endol ngawitan pangaos f 2.— f 3.50 f 4.— f 5.—

Tissa nampi kengkenan ngademel ketoe Gedong.

1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 2.—

Model wiron tambih dina 1 Ketoe Gedong f 0.25 Sareng njajagikeun sindjang poleng geresan kalcearan Bandungan Bandung pangaos f 2.50 f 3.— f 3.50 sareng f 4.— mangga djeoran-djeoran geura njarobian sa-rem enggal njeratan ngangge. Adres anoe diloeheu ieu koelan.

Njajagikeun deui roepi-roepi batikan, noe sae noe kasarna roepi-roepi pangaos: Kembang, sindjang énz. wedalan Tjamia, Tasik, Banjoemas, Djo-nas enz.

### KONINKLIJKE MARINE.

Hr. Ms. „Koetei“ vertoeft van 4 tot 13 Juni 1927 te Tandjung-Priok ten behoeve van de werving van jongelieden, die in dienst wenschen te treden bij de Koninklijke Marine

Candidaten gelieven zich voor genoemden datum by den Resident van Oost-Priangan te Tasikmalaja op te geven.

### Toko Boekoe

**WEBER**

TEL. M 13.

Boekoe-boekoe pengadjaran bahasa Belanda jang terkarang oleh L. A. LEZER.

Belanda-Melajoe 1 djilid tamat, jaug soeda keschor . . . f 1.50 Walanda-Soenda 3 . . . f 3.—

EMPAT BAHASA HINDIA jang "baharoe terbit" boeat beladjar bahasa Belanda-Melajoe-Soenda-Djawa. boeat orang Djawa jang soeka beladjar Melajoe atau Soenda, boeat orang Tjina boeat beladjar Soenda dan Djawa, dan boeat segala orang jang manc beladjar bahasa lain, jang terpakai ditanah Hindia. 1 djilid tebal, 350 moeka besar . . . . f 4.—

Hoermatna

H. E. Taijlor Weber.

### Peresenan paling alit f 1000. (sareboe roepia).

Oepami djeoran ngagaleuh boekoe-boekoe paling alit pangaos f 2.50 bade dihatoeran djalan soepados djeoran issa nampi prijs roepi artos pang alitna f 100.— (Sareboe roepia).

Wedalan Tjikiray noe sajagi keneh, moeng kantoen sareutik deui:

Waw. Naraka-Doena . . . . . f 0.40.

Tjaries Pegat-Toendangan . . . . . f 1.10.

Waw. Anglingderma I . . . . . f 1.75.

Waw. Kiamat-Leutik . . . . . f 0.30.

Waw. Ardjoenawidjaja . . . . . f 1.—.

Hojong kagoengen garwa noe anom . . . . . f 0.50.

Hoermatna

Boekhandel & Uitgeverij „TJIKIRAY“

Groote posweg 84 SOEKABOEMI

### Na djoeragan teu atjan

1916, tatapi djadina mitoha k**o**bephdi-eunakeun eta henteu beunang dilepas.

W.

Noot 1). Ajeuna mah loba pisan kapangkatan anjar, klerk kassier, schatter, onder opzichter, hoofdman-deer Marktmeester dj. a. t. dina geus eureunna, matak bingoeng oge dina miskeunana manua noe sareea, atawa saloehoerun Mantri djeung mana sabandapeunana. Ngan taksiran noe noelis, oerang koedoe inget kana kaoentoenganan.

Tina obrar No. 12. Noe tetep hartina nja eta anoe dibenoem; kitoe deui ieu pagawe henteu ditoedjoel dina besluit koedoe dilepas, tatapi koedoe inget kieu bae, pagawe onderneming noe tetep (inatoeh) oge geus beunang dilepas djadi komodo deui ieu, da eta raad-raad teh asoep kana golongan Nagara (Pamarentah).

N. B. Wireh parantos tjaket kana nganslag Hoofdgelid ieu stoeran di lebetkeun deui etang-etang ngeaeres-keun noe ti pajoen.

Red.

### Emoetkeuneun

Sapapaosa!

M. G. K.

Sajakosa sami bae itoe-ieu oge ka anak mah njaah.

Njashna saini; prakna mikanjaah, roepa-roepa, kari koemaha noeroek-keun kapertjanana sareng katiasana sareng kakiatanana noe mikanjaah ka noe dipikanjaah bae. Aja noe ngan semet njaah bae, aja noe leres sareng prakna.

Njakolakeun anak kalebet kana: Mikanjaah anak leres sareng prakna.

Di Tjiamis aja 3 sakola noe ngango basa Walanda.

1 H. I. S. "Gouvernement".

2 Schakelschool "Gouvernement"

3 H. I. S. "Galoeh".

Mangga njanggakeun pilihun. H. I. S. "Galoeh" deudeuleun sadajeuh, panggaeun sanagara, kaperloean sareea. Saneas heureuj, lenjepkeuneun, emotkeuneun.

Sapapaona!

Lebetkeun jo tra poeta wargi boh kenalan, ka salah sawios sakola noe kasebat di lohoe!

H. I. S. "Galoeh" tempatna di sakola Agama. Soemping bae ka sakola, njariso ka goeroena, engke dioeroe!

\*\*

Parantos djadi lid Pasoendan?

Teu atjan?

Enggal stoeh moendoet dilebetkeun ka Bestuurna.

\*\*

Parantos terang kana toedjoean Pa-soendan?

Teu atjan?

Enggal stoeh moendoet katerangan ka Bestuurna!

\*\*

Goena Pasoendan keur sarerea, babekena keur bangsa Soenda; Pasoendan Tjiamis keur Tjiamis, Tasik keur Tasik, Guroet keur Guroet.

### Meerderheid Volksraad.

Dr. Soetomo, pepentol Indonesische Studieclub di Soerabaja, sanggeus menang angkatan djadi lid Vokksraad (dibenoem koe Pamarentah), henteu oedjoeg oedjoeg giak hajang narima-tapi andjeunna badami heula djeung kantja-kantjana, lantaran elid-elidna Ind. Studieclub teh aja noe hajang babarengan digawe djeung Pamarentah (Cooperators) djeung aja noe emboeng (non-Cooperators).

Ari poetoessanana koempoelau noe minuti, njarek doctor Soetomo narima eta angkatan. Toekoej njanggakeun motie ka Pamarentah merangkoen sababaraha sabab pangna teu narima benceman. Salah sabidji sabab noe ditetek dina motie, (opeama teu salah mah disebutna ge diheulekenn) nja eta doemeh di Vokksraad lid tangsa pribomei koerang manan lobana lid bangsa asing. Kahajangna bangsa pribomei teh koedoe panglobana, noe disebut koe Walanda meerderheid tea.

Dina eta motie henteu diterangkenn naon-naonana, ngan meerderheid bae Ingatan koering, samatis-mata meerderheid bae mah bae woengkoel, ass soemawuna samoeran, malah mah teu siga-siga atjan. Tangtoe aloesua noe aja, oepama noe djadi meerderheid teh bangsa djrg. Soetomo woeng-

koel. Sabab oerang oelah ngan ngarab bilangan woengkoel, tapi noe koedoe diheulekken teh, ditilik koemaha djeleman.

Seg oepama lobana lid bangsa oerang 40, bangsa asing 20. Tapi ti noe 40 teh, leuwih ti tengahna kaom P. E. B. Naha rok koemaha?

Angger keneh bae meureun, modeng dendrek Lgoelon; beurat sareulah, moal daek ngotan-ngotan. Keur koeting mah kadijen teung bangsa oerang tjarek wiwilanganan ngan sapertoenoekan sek moen ti bangsa asing leuwih ti tengahna bangsa . . . Stokvis djeung Kerkamp.

Teu tjotjog kabina-bina, oepama oerang ka pamarentah ngan semet njoehoenkeun meerderheid bae mah, bisi tjera noe ditjaritakeun kieu. Leres meerderheid, namoeng . . . dendrek ugoelon.

Kahajang oerang mah meureun: aja meerderheid, njerjer ku wetan. Taja iian akina, kadijaba ti manta meerderheid djeung djalanna milih. Atoranana tjara noe geus didjalankun, masing nepi ka iraha oge, moal aja euh-euhina, anger bae baue goela pasir. Soegan mah ngan di oerang bae, aja atoran make dipisah-pisah milih teh. Njaeta atoch . . . abong-abong palinter, teu ari balas poengkal pengkol. Ambengan jaktos aja, namoeng . . . dialas. Koe itoe bisa djadi teu karasa ari keur oerang mah tetela pang njeietitna . . .

Geura oepama ditotepkenn kieu mah: kieskring Pasoendan sakito pribomei, sakito Walanda, sakito Tiong Hos. Pek pilih! Heug oerang milioe milih sakabeh djago-djago, teu dipisah-pisah, aja bae saeuneung; nadjan noe baroga hak milih diaoter tjara ajeuna oge.

Ieu mah Rasd kaboepaten dibera, aturan milih Volksraad diobah, da kawas kaambau.

Moega-moega bae "atoeran milih" koe djago-djago bangsa oerang diteturjehun deui di Volksraad . . .

Kabeh-dieunakeun dina soerst kabar ditjaritakeun, dr. Seetomo natima angkatanana djadi lid Volksraad, sanggenus andjeuna angkat ngadeuhus ka Bogor. Tjenk bedja, loban robahanan noe geus didjangdjikeun ka andjeuna (Dr. Soetomo). Ari ngadenge djangdji-djangdji teh, ajeuna mah teu weleh inggis, teu weleh hamham, sok ras inget ka November 1918: ngadadago oentjal mabal. Boa kitoe deui bae!

**H. A. Salim ditoeding sok njapion.**

Teu kitoe tea, ten kieu tea, djoel djoel panjorewedan. Mimiti djrg. Salim, noeding ka panoengtoen Studieclub madjar hajang meunang pangkat loehoer.

Ajeuna "Timboel," soerat kabar noe dipangkoe Mr. Singgih djeung Dr. Radjiman, noeding, madjah Salim sok njapion. Tapi nja . . . batan ngagereun mah mending broek-brak. Katembong beraih, kotorna.

Dina Timboel ditjaritakeun sadjarabuas djoeragan Salim saetek saantik ti mimiti asoep kana kalangan politiek. Djrg. Salim, noe koe Timboel diseboet Walanda 15 ketip sadatangna ti Djiddah, tempat andjeunna djadi pagawa Goepremen, asoep djadi lid Teosofie; djadi lid noe getol pisan. Ti dinja teroes asoep ka N. I. V. B. (Nederlandsch - Indische Vrijzinnige Bond). Oge asperti lid N. I. V. B. andjeunna katidja getolina. Ngao teu lila. Toeloej djadi pagawa Goepremen deui. Asoep ka Politieke Inlichtingen Dienst (P. I. D.). Digadibj saboelan f 750. Saenjana ieu teh perloe ditjaritakeun, lamoen, "Kini Hadji", tjenk Timboel teu oedjoeg-oedjoeg ngalenggok haloean, toeloej djadi lid J. S. D. P. (Indische Sociaal Democratische Partij) sarta make kedok S. I., milioe tjamper kana Radicale Concentratie djeung sok ngirimkeun verslag harita keneh tiua oenggal-oenggal vergadering ka Pokrol Djendrel. Saenjana noe disangka (sok ngirimkeun verslag) barang mimiti mah noe sedjen, pedah djadi lid P. I. B.

Tah sakito toedjoeanana Timboel Ajeuna hedjana di Jogja (tjenk corr. Locomotief) P. S. I. ngajakeun Comite, genau njiem openbare vergadering. Noe rek njarita Djrg. Salim djeung Mr. Singgih.

Mr. Singgih asopaja malikan deui toedjoeanana dina openbaar. Salim asopaja bisa makis toedjoean tea. Lantaran Salim rek indit ka Mekah.

goera-giroe Salim djeung Singgih ditelogram koe comite, tanggal sabaraha berasana koempoelau oerang toenggoe, koemaha monjet hideungna!

### Gadjih Loerah.

Dimana-mana mah mani aneh mani saheng noe keur pada njaritakeun gadjih loerah, malah dina Sip, No. 88 mah, mani meg-meh bae sepeun, koe cusina bal gadjih loerah, tina saeoeranaka kakara taean ieu pisan pidjig kpalpa ditjaboot, anoe ngalen ngitkeun 8% kaoentoengan noe djara di loerah. Nepi ka robahna kahiroepan Loerah, nja eta gadjih loerah noe ajeuna keur meudjeuhna rame ditjaritakeun, bahakoa mena soepaja eti gadjih loerah teh, oleh ti sonatahan, tapis kahajangna mah koedoe li Gouvernement, tina padjeg-padjeg noe parantus.

Saperti Djoestegan-Djoeragan tangtos aja noe ngagebeg, oepami ngoeping jen salamu.

Di Bogor mah Lverah teh digadibj, di tanah gouvernemant, sanes di tanah toean tanah M. K. M.

Tanah-tanah gouvernemant snoe beunang meuli ti toean tanah, datudina mah sakoolishna oge tanah-tanah particulier bae.

Lverah-loerahna kahiroepanana teh di gadjih. Gadjhina ter sareoa.

Aja zamboenganana.

### Nampi pimoetideun H. I. S. Pasoendan.

Ti ajeuna noe bade ngalbetkeun poetran ka H. I. S. Pasoendan, tiasa ditam-pi endjing taboeh 9, pasisiang taboeh 11 di H. I. S. Pasoendan di Kebon Tiwoe.

### Kapala Sakola.

### KABAR PARONDOK

Balad laoet.

Kopal perang "Koeto" ti 4 nepi ka tanggal 18 Juni 1927 bakal sia di Tundjoeng Paroek pikeun neangkan boodak noea noe daek digawe di Marine (balad laoet).

Noe hajang ngalamar kana eta padamelan kedad njaris ka Toean Resident Priangan wetan di Tasikmalaya. Tingali bae advertentie dina Sip. numer ieu.

### KABAR

(Tina a. k. Sanes)

Hidji bangsat datang ka Poeri (Modjokerto) ujamoer djadi Wadana sarta njebot rek ngagaradah bisi aja doit piso. Noe ngiringkeun aja 4 djelema.

Djelema noe boga imah teu daek mikeun doeitna sarta ngomong rek ka koewoe heula. Ti dinja tengsat njokot pestoluha. Hadena bae ieu bangsat katankep.

—o—

Di Djogja rek aja kdempoelau S. I. pikeun njaritakeun serangan Mr. Singgih ka Agnes Salim diseboetkeun Spion. Mr. Singgih djeung Agoes Salim diorang.

—o—

Pereconferentie di Batavi dina boelau Mei tanggal 4 pookel 5 sore.

—o—

Hidji oepas kageleng koe tram di Malang isoe-isoe. Sigana eta oepas sareun dina rel.

Hidji toekang tipoe di Tjiawi (Mesiter) njebot maneh Rama Goesti sarta njebot biss njiem doeit tina dangdacean. Ajeuna perkaranan keur dianesoe koe polisi.

—o—

Kijai Tjaringin ajedan rada meunang hara deui. Didinan deui ka masigit koe Goepremen.

—o—

48 Koeminis ti Solo diboeang ka Digoel girang.

—o—

Tanah partikular Passar Tanggerang dibeli koe Goepremen f 450.000.

—o—

Bestuur Studieclub di Soerabaja ditambahna nja eta: Voorzitter Dr. Soetomo, wakil voorzitter Mr. Soewono, Secretaris-Secretaris Mr. Soebroto Dr. Soepardjo djeung Soendjoto, Penningmeester - Penningmeester R. M. A. Soedjono, Gondo Koesemo, Tjoko Soedarmo, Commissaris-Commissaris.

Toewonokota (Sarikat Ambon), Nion (Sarikat Minahasa) Karta Soebrita (Pagoejoetan Pasoendan), Soetan Poeloengen (Jong Sumatranenbond), Mr. Singgih djeung Soedirman.

—o—

Djendral Tiongkok kidoe Chiang Kai Sek maksedan kien: Hajang aker djeung karadjaa - karadjaa sedjen, ngaberbasan tina koemaha, ngalawan Djendral Chang Tso Lin.

—o—

Soerat<sup>2</sup> kabar di Berlijn teu moepakat, oepama Amerika Sarikat, Inggris djeung Prantjis djadi hidji.

—o—

Soerat-soerat kabar Djerman nieboekken jen papasean antara Italia Slavie banki katida sarta njalahkeun ka Inggris naon sabab teu daek misah. Menta soepaja Volkenbond geuwat misah noe pasea. Logris njehoetna lain oepas di Eropa pikeun ngadaga noe pasea.

—o—

Dua kapal majang Djepang diindeukent poelo - poelo Sachalin. 50 djelema maot.

—o—

Di Djepang Ministerie Tanaka gens koemplit. Tanaka Minister oersean kear nagara Suzukie Minister oersean diero nagara. Takaaki Minister oersean doeit. Sirakawa Minister oersean perang. Okado Minister balad laoet.

Soerat kabar Jiji njebot, jen ieu Ministerie koerang santosa. S. Z. Asaki djeung Nichi Nichi menta soepaja parlament lidaa dilepas kabeh pikeun njoba-njoba naha naha ieu Ministerie dipikaresp a henteu.

—o—

Major Zaniboni noe njoba - njoba nelasan Mussolini dihoekoem boei keur djelema euweuh (bij versteek) 30 tahoen.

—o—

Dina mestakeun ngadegna kota Rome Pamarentah Facisme di Italia rek ngaloearekun wet babon pikeun kaom boeroeh djeung kaom noe mere pagawean.

(Ind. Courant).

—o—

Major Zaniboni noe njoba - njoba nelasan Mussolini dihoekoem boei keur djelema euweuh (bij versteek) 30 tahoen.

—o—

Dina mestakeun ngadegna kota Roma Pamarentah Facisme di Italia rek ngaloearekun wet babon pikeun kaom boeroeh djeung kaom noe mere pagawean.